Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 15-16 (7465)
1 апрель
Хамиз
2021 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Районалъул Собраниялъул заседание



25 марталда районалъул администрациялда букIана анкьабилеб ахIиялъул муниципалитеталъул депутатазул заседание. Гьенив гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, районалъул Собраниялъул депутатал. Заседание бачана районалъул депутатазул Собраниялъул пред. М. Юсуповас.

БачIинахъего «2020 соналъул района лъул социалиябгун экономикияб цебетIеялъул ва гьаб соналда цере чIарал масъалабазул хIакъалъулъ» хIисаб кьуна Унсоколо район МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьес бихьизабуна 2020 сон районалъе букIанин захIмалъаби, квекIенал гIемераб. «Нилъ киналго дандчIвана цIияб вирусгун, гьелъ чIахIиял къварилъаби рачIана нилъее. ГIезегIан рукIана унтарал ва хварал. Коронавирусалъе гIоло гIемерал захIмалъаби ккана гIиси-бикъинаб ва гьоркьохъеб бизнес бачунезе. Къокъго абуни араб сон букIана киназего захIматаб сонлъун. Амма дие бихьизабизе бокьун буго гьеб ахIвал-хIалалъ бекизабизе кIвечIин нилъер халкъалъул цолъи. Районалда гIумро гьабулез цIикIкIараб ракIчIеялда ва къохIехьеялда баччана гьеб, гьабуна цоцазе кумек. Нилъер врачал, медхIалтIухъаби ва волонтерал къо рехичIого хIалтIана «багIараб зонаялда». Пандемиялъул заманалда жидеего бокьун кумекалъе рачIараз ралагьана дараби, хIажатабщинаб ва гьабуна жидехъго бажарарабщинаб»,-ян бихьизабуна ГI. НурмухIамадовас.

-ГьабсагIаталда буго кутакалда барщараб суал – гIадамазда вакцинация гьабиялъул. Нилъеда бихьулеб буго коронавирус кутакалда хIинкъи бугеб унти букIин. Амма вакцинация гьабиялда хурхун нилъер район республикаялда ахирисеб бакIалда буго»,-ян тIадчIей гьабуна гьес хадубги.

Гьединго жиндирго хIисаб кьеялда бетIерас бихьизабуна население тIаде цIикIкIунеб бугин ва гьелъ рохизарулин. «ГьабсагIаталда нилъер районалъул население буго 3I 944 чи. ТIадегIей буго 248 чи. ХIалтIулаб гIумроялда ругезул къадар бахуна I9527 чиясде».

ХIисаб кьолаго бетIерас тIадчIей гьабуна районалъул церетIеязул щибаб бутIаялда. Гьедин гьес бихьизабуна 2020 соналда банин цIикIкIараб къадар ралел бакIазул. 202I соналдаги планалде росун ругин разе цIикIкIараб къадар ралел бакIал. «Шамильхъала поселокалда бан буго гьайбатаб физкультураялъулгун сах гьариялъул комплекс, ХарачIи росулъе бачана лъим, Балахьуни лъуна контейнерниял площадкаби, Унсоколо клубалъе гьабуна капиталияб ремонт, Майданскиялде бачана газ, районалъул кIиго школа ккана «I00 школ» программаялде гьорлъе. ХIалтIизаризе кьуна гIемерал объектал, руго 202I соналда кьезе ругелги.

Район цебетIолеб буго. Нилъер районалде рачIуна гIемерал туристал, тIоритIула гIемерал республикаялъул ва районалъул кIваралъул тадбирал, гьанир тIуразарулел руго миллиял проектал, пачалихъиял программаби»,-ян абуна хадубги бетIерас.

- Амма рази гьечIо промышленниябгун росдал магIишаталъул рахъалъ район цебетIолеб бугеб куцалдаса. Гьеб рахъалъ гIемераб хIалтIи гьабизе ккола хадубккун.

Заседаниялда «Унсоколо район» МОялъул 2020 соналъул бюджет тIубаялъул бугеб куцалъул бицун кIалъана администрациялъул финансовияб отделалъул вед. специалист ГI. МухIамадова. Контролиябгун хIисаб суалалъул палатаялъул хIалтIул хIакъалъулъ хIисаб кьуна КСПялъул пред. ГIамир Насрулаевас.

Районалъул саназде рахинчIел лъималазул ихтияр цIуниялъул комиссия тасдикъ гьабиялъе кIалъана юрист Умаразият Бартыханова.

РДялъул энергетикаялъул Министерствалда

## КIвар бугеб дандчIвай



Дагъистан республикаялъул энергетикаялъул ва жилищниябгун коммуналияб магIишаталъул министерствалда букIана М. Можонцалгун Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул дандчIвай. Гьенир рицана энергетикаялда хурхун районалъул объектазда лъугьун бугеб хIалалъул. Гьединго тIадчIей гьабуна подстанциялда гьоркье кколеб ракьул участкаялъулги.

«Дорожная карта» тадбир гIумроялде бахъинабиялъул, Рихьуни ГЭСалъул хIор хIадуриялъул ахирисеб этапалъе сметнияб документация рагIалде бахъинабиялъул, гьединго II0/I0 кВялъул бицана дандчIваялда. ТIадчIей гьабуна Шамильхъалаялъул чвахун цIадазул лъим иналъе ругел лоткаби къачIан рагIалде рахъинариялда.

ДандчIваялъул ахиралда Дагъистаналъул Минэнергоялъул нухмалъулес рагIи кьуна тIадехун рехсарал суалал гIумроялде рахъинариялъе кинабго гьабизе бугин.

## РукIинесел рекериязул къецазда

29 марталда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана «Dagestan Wild Trail-202I» спортивиябгун халкъияб тадбир гIуцIиялъе гIуцIиялъулаб комитеталъул данделъи.

РакIалде щвезабизин; рекериялъул тадбир букIине буго гьаб соналъул I0-II апрелалда республикаялъул территориялда. Гьеб гIуцIараллъун цере рахъунел руго РДялъул Правительство, РДялъул спорталъул министерство, тIадагьаб атлетикаялъул ТIолгороссиялъул федерация ва Миллияб рекериялъул багъа-бачари.

Тадбиралда буго I000 гIан чи цадахъ рекери, гьеб ине буго Унсоколо, Лак, Гъуниб, Лаваша, Хьаргаби районазда. Байбихьула Лак районалда, лъугIула Унсоколо районалда. Рихьуни букIине буго финишалъулаб ч1ей.

Тадбиралда рукIине руго концерталъулал программаби, подворьял, миллияб кухня.

Трейловияб забегалда гьорлъе кколел гIахьалчагIазе, бутIрузе цебеккунго кьун букIана гьаризесел тадбиразе тIадкъаял, цебеккунго лъазабуна бугеб хIадурлъи.

Данделъиялда ГI. НурмухIамадовас нахъеги тIадкъаял кьуна батIи-батIиял хъулухъазе: полициялъе, МЧСалъе, хехаб кумекалъе. Гьенибго бищана зама-заманалда хIорил рагIалда ччугIа ккеялъул чемпионатал гIуцIиялъулги. Гьеб ишалъе лъикIаблъун бихьизабуна Авар гьойсу. Тадбир тIобитIиялъе гIуцIарухъанлъун цебе бахъана «РДялъул спорталъул ччугIа ккеялъул Федерациялъул» РОО.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 15-16 (7465)
Хамиз
1 апрель 2021 сон



26 марталда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана данделъи. Гьеб байбихьана районалда коронавирусалъул ва гьелда данде вакцинация гьабиялъул суалалдасан. БетIерас бихьизабухъе: вакцинация ккола цIикIкIун кIвар тIад кьезе кколеб суал.

ХIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ бетIерасул зам. М. ХIамзатовас бихьизабухъе республикаялда цIикIкIунел руго коронавирусалъ унтарал. Дунялалда къалел руго улкабазде нухал. Вакцинация гьабичIел риччалел гьечIо батIи-батIиял улкабазде. Жакъа къоялде районалъул больницаялда жеги руго 20 унтарав. Гьединго кибго унеб буго унтаразул къадар тIаде цIикIкIин. Гьединлъидал нилъ гIодоре риччан чIезе бегьуларо. Данделъиялда гьоркьор лъуна бакIал раялъул, налогал ракIариялъул ва цогидалги суалал.

## ЖамгIияб Палатаялъулги росабазул бутIрузулги дандчIвай



Араб анкьалда райадминистрациялда букIана районалъул ЖамгIияб Палатаялъул пред. М. ГIабдулаевасулги росабазул бутIрузулги дандчIвай. Гьоркьоб лъураб аслияб темалъун букIана 2021 соналъул сентябралда Пачалихъияб Думаялде тIоритIизе ругел рищиял. М. Бадиевичас бихьизабуна гьел рищиязде аслияб акцент гьабизе бугин общественниял хадуб хал кколезда ва росабазул бутIрул ахIана хадуб хал кколел хасаб жавабчилъиялда рищизе ва гьезул рахъалъ хIажатал киналго баянал кьеян.

Аслияб мурад нилъер пачалихъалъул буго рацIцIадал, легитимниял рищиял рукIинари. Гьелъул рахъалъ кинабго цIакъ хъаравуллъиялда гьоркь буго. ХIакъикъаталдаги общественниял халкколел рукIине руго I9 сентябралда тIоритIизе ругел рищиязда аслияллъун, гьезда тIад лъун букIине буго гьаркьал кьеялъул жавабчилъи,-ян бихьизабуна муниципалитеталъул жамгIияв председателас.

## РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН, УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН,
## Собрание депутатов муниципального района

368950 Республика Дагестан Унцукульский район п.Шамилькала ул.Дахадаева 3 т 55-62-82

### РЕШЕНИЕ
### Об исполнении бюджета МО «Унцукульский район» Республики Дагестан за 2020 год

Принято Собранием депутатов муниципального района от «25» марта 2021 г. №67

В соответствии с Положением о бюджетном процессе в МО «Унцукульский район», рассмотрев и обсудив информацию начальника отдела финансов Администрации МО «Унцукульский район» Шамсудинова Ж.М.

**Собрание депутатов муниципального района РЕШАЕТ:**

1 Принять к сведению информацию заместителя главы МО «Унцукульский район» о проделанной работе по исполнению доходной и расходной части бюджета района за 2020 год.

2 Одобрить и утвердить отчет об исполнении бюджета Унцукульского района за 2020 год согласно приложению №1 к настоящему Решению.

3 Руководителям и бухгалтерам учреждений района, финансируемых из районного бюджета, осуществлять расход денежных средств, строго по целевому назначению.

4 Работу ИМНС по Унцукульскому району, а также глав МО поселений по сбору налоговых и неналоговых платежей в бюджеты поселений считать удовлетворительной.

5 Обязать администрации придерживаться установленных лимитов численности работников органов местного самоуправления в соответствии с Постановлением Республики Дагестан от 27.06.2014 года №295.

Настоящее Решение вступает со дня опубликования.

**Глава муниципального района И.Нурмагомедов**

Коронавирус

# Президентасул баркалаялъе мустахIикълъарай



Нилъер къоязда къанагIат гурони дандчIваларо бихьаралда ракI бакъван магIу ккезе кIоларел гIадамал. Амма Унсоколо ЦРБялъул терапевт РабигIат СагIидовалъулгун гара-чIвари гьабулаго бихьана коронавирусалъул заманалда, щивго хадур гъолареб унтиялъ кIвекIараздa ракI бухIун, гьелъул бадиб магIу хулараб куц.

Унсоколо районалъул централияб больницаялъул терапевтическияб отделениялда РабигIат СагIидова заведеющаялъун хIалтIизе лъугьаралдаса нахъе ана I0 сон. 2020 соналъул коронавирусалъул балагь районалде щварал тIоцересел къояздаса нахъе сордо-къо батIа гьабичIого унтарал хвасар гьаризе гьорлъе лъугьана гьей, ралагьана сах гьариялъе хайир бугел къагIидаби, ракI батизабуна унтаразул, кумек гьабуна гIицIго дарабаздалъун гуреб хIеренаб рагIудалъунги. РекIее захIмалъун ракIалде щвезабула РабигIатица районалда унти тIибитIизе байбихьарал, хвалилал лъугьа-бахъинал гIемерлъарал тIоцересел моцIал. «БагIараб зонаялда» рукIун гIемерал медиказ заманаялъ унтигун къеркьолаго магIишат-рукъ, гIагарлъи рехун тезе ккана. КIиго моцIалъ жиндирго лъимalги рукъги бихьичIого РабигIатидаги.

«Гьел рукIана кутакалда захIматал моцIал, вирус букIана лъазабичIеб. Лъидаго лъалеб букIинчIо чIванкъотIун гьелъул тIабигIат, лъалеб букIинчIо кин гьебгун къеркьелелали, кинал къагIидабаз пайда кьелебали»,-ян ракIалде щвезабула гьанже РабигIатица. – КIиго моцIалъ рихьичIо дида лъимал, азбаралдеги ячIун, рикIкIадегIанисан хал кколаан гьезда хадуб. Гьеб букIана цIакъ захIматаб иш.

РабигIат СагIидовалъ бицухъе бищунго захIматаб заман унтул букIана инфекция тIоцересел къояз тIибитIараб заман. Пандемиялъул байбихьиялъул хасият букIана цIа боркьараб рагъулъ къеркьолеб гIадаб. Гьел къояз щивав унтарасе гIоло унго-унголъунги къеркьезе ккола рукIана.

«КIиабилеб карачел байбихьараб заманалда нижеда лъалаан кин унтарал сах гьарилелали, сунца унтуда данде пайда кьолеб, щиб хIалтIизабилебалиги, жалго унтаралги гIемерго хIинкъиялъгIаги ратила цIодорго ралагьулел рукIана пандемиялде, гьел жалго рачIаралги хIужаби рукIана врачазухъе кумек гьарун. Гьеб заманалда гIемераб кумек гьабуна нижее волонтераз. Киназего баркала гьел захIматал къояз аскIор чIаралъухъ, кумекалъе ратаралъухъ!».

Гьал къоязда коронавирусалъул инфекциялде данде гьабулеб къеркьеялъулъ, врачасулаб налъи тIубалаго бихьизабураб тIадегIанаб ишалъе жийго кьеялъухъ ва къохIехьеялъухъ СагIидова РабигIат СагIидовналъухъе бачIана РФялъул Президент В. В. Путинил баркалаялъул кагъат.

Жинцаго Р. СагIидовалъ абула, гьединаб шапакъаталъе мустахIикъал ругин Унсоколо ЦРБялъул киналго врачал,-абун.

Киналго коронавирусалъул унтуца унтаралгун хIалтIаралщинал мустахIикъал руго гьеб шапакъаталъе. Киналго жидедаго бихьулеб гIакъуба ялде, бахине бегьиялде рачIинчIого къеркьана унтаразул гIумро хвасар гьабиялъе»,-ян абуна гьелъ.




Нижецаги ракI-ракIалъ баркула С. СагIидовалда гьеб шапакъат. Киналго районалъул больницаялъул врачазеги хIалтIухъабазеги ракI-ракIалъулаб баркала кьола захIматаб вирусгун къеркьаралъухъ. Биччанте хадубккун гьеб такрарлъунгутIизе, хадубккун рохел, талихI, тамахаб гIумро, нужее!

**Ахихъан**

Районалъул газета
№15-16 (7465)
Хамиз
1 апрель 2021 сон



Гьал къоязда муниципалитеталъул бетӀер ГӀ. НурмухӀамадовгун дандчӀвана РДялъул Муфтияталъул лъай кьеялъул отделалъул нухмалъулев М-С. ГӀабдулаев. Гьенир гӀахьаллъана зам. М. ХӀамзатов, финотделалъул нач. Ж. Шамсудинов, лъай кьеялъул отделалъул нач. Къ. ХӀасанов. Гьез бицана гӀолеб гӀелалъе рухӀиябгун гӀамал-хасияталъул тарбия цадахъ рекъон кьеялъул.

Ахиралда гьабулеб ишалъулъ бугеб битӀараб гьоркьоблъиялъухъ Муфтияталъул вакилас районалъул бетӀерасе баркала загьир гьабуна.

# РФялъул Президентасул медаль кьуна



«За бескорыстный вклад в организацию Общероссийской акции в заимопомощи «Мы Вместе»,-абураб РФялъул Президент В. В. Путинил медаль кьуна «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул гӀолилазда гьоркьоб хӀалтӀи гьабиялъул, спорталъул ва туризмалъул отделалъул нач. А. МухӀастановасе.

РакӀалде щвезабизин; «Мы Вместе» акция гӀуцӀун букӀана COVID-I9 коронавирусалъул инфекция тӀибитӀараб, пандемиялъул чӀахӀиял ва кумек хӀажатал гӀадамазе, медиказе кумекалъе. Дагъистаналда гьелъул гӀахьалчагӀилъун лъугьана 3000 гӀан хассаб къагӀидаялъ ругьун гьарурал гӀадамал.

Гьединаб заманалда цо рахъалда чӀечӀо Унсоколо районги, цолъана ТӀолгороссиялъул кумекалъулаб акциялде.

Гьедин районалъул бетӀер ГӀ. НурмухӀамадов, оперативияб штабалъул членал, волонтерал, хӀаракатчагӀи рахъана вирусалъулаб унти районалда тӀибитӀунгутӀиялъе, жигараб кумек ва кверчӀвай гьабуна гӀаммаб хӀалтӀулъ.

# «Внимание, дети»!




С целью активизации работы по профилактике детского дорожно-транспортного травматизма и обеспечения безопасности несовершеннолетних участников дорожного движения, с 24.03.2021 г. по 08.04.2021 года на территории района будет проводиться оперативно профилактическое мероприятие «ВНИМАНИЕ ДЕТИ»!.

Целью данного ОПМ является сохранение жизни и здоровья несовершеннолетних участников дорожного движения. Также исключить возможность самостоятельного появления детей до 10 лет без сопровождения взрослых на проезжей части дороги , соблюдение детьми и подростками правил дорожного движения при управлении вело и мотто-транспортом. Вместе с тем хотелось уберечь родителей от не обдуманного действия таких как передачу управления транспортным средством несовершеннолетним детям. ОГИБДД ОМВД России по Унцукульскому району призывает жителей района а также гостей не нарушать правила дорожного движения, беречь себя и своих близких.

**Р. МУХТАРОВ.**
**Начальник ОГИБДД ОМВД России**
**по Унцукульскому району, капитан полиции**

# 1 апрель - махсарабазул къо

## *ТӀокӀаб бачӀинчӀо...*



Советияб властаълул саназда Гьоркьохъеб Азиялда гӀуцӀана колхоз. Гьениве вищана председатель, бухгалтерлъун тӀамизе чи гьечӀо, гьечӀо мустахӀикъав. РакӀалде ккана гьеб иш бищунго пикру бугев цо узбекасда тӀад къазе. Гьев витӀана Москвалде бухгалтеразул курсазде цӀализе. Цо заманалдасан курсалги лъугӀун росулъе тӀад вусуна узбек ва хӀалтӀизе лъугьуна. ХӀалтӀул байбихьуда гьабула кӀиго тӀехь, берцинго тӀоцебеселда тӀад хъвала «Пришла»,-ян. Гьенир хъвана киналго жанире рачӀарал документал, кӀиабилеб тӀехьалда цӀар тола «ушла»,-ян ва гьелда хъвала киналго харж гьарурал операциял.

Гьедин хӀалтӀана лъагӀалица. ЛъагӀел лъугӀана, гьабизе ккола баланс. ГӀодов чӀана узбек гьеб гьабизе. ГӀемер хӀалтӀана тӀад, амма баланс нухда бачӀунаро, кинаб букӀаниги хӀасил кколаро. Данде кколаро дебетги кредитги.

ЛъикӀ ургъана бухгалтер-узбек. Ургъана курсазда щиб малъарабали. Щибниги ракӀалде бачӀинчӀо. Узбекас хӀукму гьабуна лъабабилеб тӀехь хӀалтӀизабизе ва гьелда цӀар тана «Ушла ва больше не пришла»,-абун.

## *ГӀарац кье...*

Украинаялъул вукӀарав хӀаким Петр Парашенкоца хӀисаб кьолеб буго СШАялъул конгрессалда. Гьесие суал кьола: Щиб абизе дуе бокьун бугеб?-абун. Гьес абула: «Украинаялъ Запад цӀунун буго ванючнияб ордаялдаса, лъалеб букӀахъе ниж лъугьун ругелъул Европейскиял халкъазул хъизаналъулъе, гьедин западалъул къиматал жал ккола нижее нух бихьизабулеб маяклъун…»,-ян жаваб кьола Порашенкоца.

-ЦӀакъ халат гьабулеб буго кӀалъай,-ян абула конгресс бачунес.

-Гьедин бугони гьадин абила, «ХӀурматиял, изну кье дие, къокъго абуни «ГӀарац кье…!».

## *Гьале дуе документ...*




Полиция тамахлъарал саназда нухда вачӀунев нухлулас къартӀалда дандчӀварасе хӀинкъи кьола. ДандчӀварав кутакалда тамахлъула, полициявилан ккун документ бихьизабе,-ян абула.

-Гьале дуе документ,-ян зар бихьизабула нухлулас.

Гьединаб документ дирги буго,-ян абун кӀиго нухалъ гьесулалдаса кӀудияб зар бихьизабула гьес, дица гьабсагӀат печать лъела дур документалда,-ян абун бан уна хулиганасул бадиб ва гӀодове гьев къулидал бигьаго босун уна кисиниса бумажник.

Жиндаго кьаби щведал жуликас хӀисаб гьабулеб букӀана полициялъ гӀадамал ричча-рихъан тун ругеб куцалъул.

## *Гуржиявги цӀогьалги*



Къасе гуржиясул рокъоре лъугьуна цӀогьал. Гьел ккола подвалалъуре, гьенийин абуни рукӀуна чагъиралъул бочкаби. ГӀодорги чӀун гьекъола.

Цояс абула:

-РачӀа дагьабго гьекъезин ва кечӀ ахӀизин,-абун. АхӀула. Нахъеги абула:

- РачӀа цойги нухалъ гьекъелин ва кьурдизин.

Кьурдула.

Цогияс абула:

РачӀа цодагьабги гьекъезин, хадур кьвагьдезин.

Кьвагьдола.

Макьидаса ворчӀула рукъалъул бетӀергьан ва подвалалъуве лъугьуна гьев.

-ВахӀ-вахӀ! Рокъор гьалбал рукӀун руго, дун абуни кьижун,-ян гьваща хъасула гуржияс.

Приложение № 1 к Решению собрания депутатов «Об исполнении бюджета за 2020 год» №67 от 25 марта 2021_г.

# ОТЧЕТ
# об исполнении консолидированного бюджета МО мУнцукульский район»
# за 2020 год

| Наименование показателя Вед Рз Пр ЦСР ВР ЭКр | План | Поступило | Перечислено | отклонение | 99% ис. | 0остаток на конец |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. ВСЕГО ДОХОДОВ 2020 года (д+б/к): | 880 256 879,98 | 879 093 200,59 | 844 943 767,13 | -1 163 679,39 | 100% | 34 149 433,46 |
| ДОХОДЫ 2020 года: | 880 256 879,98 | 879 093 200,59 | 844 943 767,13 | -1 163 679,39 | | 34 149 433,46 |
| 1. НАЛОГОВЫЕ И НЕНАЛОГОВЫЕ ДОХОДЫ: 000 1 00 00000 00 0000 000 | 98 851 331,54 | 107 394 521,54 | 85 179 869,25 | 8 543 190,00 | 100 | 22 214 652,29 |
| - муниципального района | 90 228 100,00 | 98 169 174,02 | 76 706 306,40 | 7 941 074,02 | 109 | 21 462 867,62 |
| - поселений | 8 623 231,54 | 9 225 347,52 | 8 473 562,85 | 602 115,98 | 107 | 751 784,67 |
| 2. БЕЗВОЗМ. ПОСТУПЛЕНИЯ: 000 2 00 00000 00 0000 000 | 781 405 548,44 | 771 698 679,05 | 759 763 897,88 | -9 706 869,39 | 99 | 11 934 781,17 |
| 2. БЕЗВОЗМ. ПОСТУПЛЕНИЯ от других бюджетов бюдж.сист.: 000 2 00 00000 00 0000 000 | 778 736 731,44 | 778 158 827,44 | 766 232 706,27 | -577 904 | 100 | 11 926 121,17 |
| - дотации 000 2 02 01000 00 0000 150 | 169 923 000 | 169 923 000 | 169 923 000 | 0 | 100 | 0 |
| - субсидии 000 2 02 02000 00 0000 150 | 41 514 780,44 | 40 938 276,44 | 40 559 194,44 | -576 504 | 99 | 379 082 |
| - субвенции 000 2 02 03000 00 0000 150 | 537 424 951 | 537 423 551 | 537 244 330 | -1 400 | 100 | 179 221 |
| - иные межбюджет, трансферты 000 2 02 04000 00 0000 150 | 29 874 000 | 29 874 000 | 18 506 181,83 | 0 | 100 | 11 367 818,17 |
| - поступления от денежных пожертвований (меценатов-юр/л) 000 2 04 05000 00 0000 150 | 2 668 817 | 697 000 | 688 340 | -1 971 817 | 26 | 8 660 |
| - поступления от денежных пожертвований (меценатов-ф/л) 000 2 07 05000 00 0000 150 | 0 | 0 | 0 | | | 0 |
| - Возврат в респ. бюджет цел. средств на 01.01,2020г. (остаток) 000 2 19 05000 00 0000 150 | | -7 157 148,39 | -7 157 148,39 | | | 0 |
| Дотация и Вус поселений на ОКМ счете | | | 0,00 | | | 0,00 |
| 11.ИСТОЧНИКИ ФИНАНСИРОВАНИЯ ДЕФИЦИТА БЮДЖЕТА | 0 | | 0 | | | |
| - БЮДЖЕТНЫЙ КРЕДИТ | | | | | | |
| | | | | | | |
| Наименование учреждений и поселений | План | перечис. по реестрам | израсход. по отчету | отклонение | % ис. | остаток на конец |
| I. ВСЕГО РАСХОДЫ 2020 года (р+б/к): | 898 549 003,77 | 869 129 078,12 | 865 585112,55 | -29 419 925,65 | 97 | 3 543 965,57 |
| 1 Райадминистрация | 120 194 972,71 | 103 037 718,14 | 99 917 032,95 | -17 157 254,57 | 86 | 3 120 685,19 |
| 2.Контрольно-счетная палата | 965 558,00 | 965 558,00 | 965 558,00 | 0 | 100 | 0 |
| 3, Собрание депутатов муниципального района | 1 960 833,00 | 1 960 833,00 | 1 960 833,00 | 0 | 100 | 0 |
| 4. Отдел финансов | 3 584 273,00 | 3 584 273,00 | 3 584 273,00 | 0 | 100 | 0 |
| 5. МКУ «Служба ЖКХ администрации МО «Унцукульский район” | 9 039 360,00 | 9 039 360,00 | 9 039 360,00 | 0 | 100 | 0 |
| 6. МКУ «Служба земельно-кадастровых и имущ, отношений» | 2 509 765,50 | 2 509 765,50 | 2 099 345,55 | 0 | 100 | 410 419,95 |
| 7. МКУ «Центр обслуживания муниципальных учреждений» | 7 456 945,00 | 7 456 945,00 | 7 456 945,00 | 0 | 100 | 0 |
| 8. МКУ Отдел образования | 5 628 984,00 | 5 553 984,00 | 5 553 984,00 | -75 000 | 99 | 0 |
| 9. МКДОУ №1 «Ромашка» с.Унцукуль: | 18 891 853,15 | 18 767 356,15 | 18 767 356,15 | -124 497 | 99 | 0 |
| 10. МКДОУ №2 „Ласточка» с.Унцукуль: | 23 760 602,00 | 23 561 134,00 | 23 561 134,00 | -199 468 | 99 | 0 |
| 11. МКДОУ №3 «Фиалка» с.Ирганай: | 13 195 211,00 | 12 430 872,00 | 12 430 872,00 | -764 339 | 94 | 0 |
| 12. МКДОУ №4 «Теремок» с.Гимры: | 17 078 221,03 | 16 306 717,03 | 16 306 717,03 | -771 504 | 95 | 0 |
| 13. МКДОУ №5 «Соколенок» с.Майданск: | 11 812 254,77 | 11 783 175,80 | 11 783 175,80 | -29 078,97 | 100 | 0 |
| 14 МКДОУ №6 «Звездочка» с.Балахани: | 9 059 257,06 | 9 034 694,06 | 9 034 694,06 | -24 563 | 100 | 0 |
| 15. МКДОУ №7 «Улыбка» с.Аракани: | 5 581 311,00 | 5 364 999,00 | 5 364 999,00 | -216 312 | 96 | 0 |
| 16. МКДОУ №8 «Солнышко» п.Шамилькала: | 16 437 423,00 | 16 437 423,00 | 16 437 423,00 | 0 | 100 | 0 |
| 17. МКДОУ №9 «Сказка» п.Шамилькала: | 30 139 432,00 | 30 139 432,00 | 30 139 432,00 | 0 | 100 | 0 |
| 18. МКДОУ №10 «Снежинка» с.Кахабросо: | 6 223 148,00 | 6 208 820,00 | 6 208 820,00 | -14 328 | 100 | 0 |
| 19. МКДОУ №11 «Сосна» с.Ашильта: | 9 145 764,00 | 9 065 729,00 | 9 065 729,00 | -80 035 | 99 | 0 |
| 20. МКДОУ №12 «Чебурашка» с.Цатаних: | 5 143 575,00 | 5 131 935,00 | 5 131 935,00 | -11 640 | 100 | 0 |
| 21. МКДОУ №13 «Колобок» пос. Гимры: | 10 455 076,08 | 10 431 236,08 | 10 431 236,08 | -23 840 | 100 | 0 |
| 22. МКОУ «УСОШ №1» с.Унцукуль | 31 346 521,00 | 31 040 803,00 | 31 040 803,00 | -305 718 | 99 | 0 |
| 23. МКОУ «УСОШ №2» с.Унцукуль | 33 115 740,00 | 32 997 125,00 | 32 997 125,00 | -118615 | 100 | 0 |
| 24. МКОУ «МСОШ « с.Майданск | 34 310 645,41 | 34 271 829,41 | 34 271 829,41 | -38 816 | 100 | 0 |
| 25. МКОУ «АСОШ « с.Ашильта | 25 472 509,00 | 25 409 389,00 | 25 409 389,00 | -63 120 | 100 | 0 |
| 26. МКОУ «КСОШ « с.Кахабросо | 20 974 954,83 | 20 974 954,83 | 20 974 954,83 | 0 | 100 | 0 |
| 27. МКОУ «БСОШ « с.Балахани | 30 154 349,00 | 30 058 867,00 | 30 058 867,00 | -95 482 | 100 | 0 |
| 28. МКОУ ТСОШ « с.Гимры | 42 039 876,11 | 41 388 112,00 | 41 388 1 12,00 | -651 764,11 | 100 | 0 |
| 29. МКОУ «ЦСОШ « с.Цатаних | 17 498 798,00 | 17 310 258,00 | 17 310 258,00 | -188 540 | 98 | 0 |
| 30. МКОУ «ИСОШ « с.Ирганай | 38 592 158,00 | 38 177 574,69 | 38 177 574,69 | -414 583,31 | 99 | 0 |

# ОТЧЕТ
# об исполнении консолидированного бюджета МО мУнцукульский район» за 2020 год

(Тыс. рублей)

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 31 МКОУ «АСОШ « с.Аракани | 19 644 031,00 | 19 573 734,00 | 19 573 734,00 | -70 297 | 100% | 0 |
| 32. МКОУ ТПСОШ « п Гимры | 18 255 524,00 | 18 126 839,00 | 18 126 839,00 | -128 685 | 99% | 0 |
| 33. МКОУ «ШСОШ « п Шамилькала | 65 128 174,00 | 65 044 374,00 | 65 044 374,00 | -83 800 | 100% | 0 |
| 34. МКОУ «ХООШ « с.Харачи | 7 775 086,00 | 7 748 946,00 | 7 748 946,00 | -26 140 | 100% | 0 |
| 35 МКОУ «МООШ « с.Моксох | 10 149 451,00 | 10 139 534,00 | 10 139 534,00 | -9 917 | 100% | 0 |
| 36 МКОУ «ИООШ « с.Иштибури | 10 341 541,00 | 10 328 021,00 | 10 328 021,00 | -13 520 | 100% | 0 |
| 37. РЦДОДс.Унцукуль | 5 730 530,00 | 5 730 530,00 | 5 730 530,00 | 0 | 100% | 0 |
| 38. ДДТ с.Гимры | 2 531 203,00 | 2 531 203,00 | 2 531 203,00 | 0 | 100% | 0 |
| 39. ДДТ п.Шамилькала | 3 212 548,00 | 3 212 548,00 | 3 212 548,00 | 0 | 100% | 0 |
| 40. ДЮСШ с. Унцукуль | 2 468 607,00 | 2 468 607,00 | 2 468 607,00 | 0 | 100% | 0 |
| 41. ДЮСШ с Гимры | 4 614 730,00 | 4 614 730,00 | 4 614 730,00 | 0 | 100% | 0 |
| 42. ДЮСШ с. Балахани | 4 418 130,00 | 4 418 130,00 | 4 418 130,00 | 0 | 100% | 0 |
| 43. ЦДОД п. Шамилькала | 5 057 617,00 | 5 057 617,00 | 5 057 617,00 | 0 | 100% | 0 |
| 44. Школа искусств | 6 034 852,00 | 6 034 852,00 | 6 034 852,00 | 0 | 100% | 0 |
| 45. СЮТ с. Унцукуль | 5 318 343,00 | 5 318 343,00 | 5 318 343,00 | 0 | 100% | 0 |
| 46. Управление культуры | 34 307 811,81 | 34 307 811,81 | 34 307 811,81 | 0 | 100% | 0 |
| 47. Поселения всего; | 91 791 454,31 | 84 072 385,62 | 84 059 525,19 | -7 719 068,69 | 92 | 12 860,43 |
| *- МО «Село Ашильта»* | 3 641 253,32 | 3 632 209,99 | 3 632 209,99 | -9 043,33 | 100% | 0 |
| *- МО «Село Гимры»* | 8 348 151,25 | 8 337344,85 | 8 324 835,42 | -10 806,40 | 100% | 12 509,43 |
| *- МО «Село Ирганай»* | 5 055 813,00 | 3 980 008,00 | 3 980 008,00 | -1 075 805 | 79 % | 0 |
| *- МО «Село Харачи»* | 4 422 806,52 | 4 419 806,49 | 4 419 806,49 | -3 000,03 | 100% | 0 |
| *- МО «Село Цатаних»* | 3 344 736,92 | 3 332 236,92 | 3 331 885,92 | -12 500 | 100% | 351 |
| *- МО «Сельсовет Араканский»* | 5 512 521,42 | 5 512 521,42 | 5 512 521,42 | 0 | 100% | 0 |
| *- МО «Сельсовет Балаханский»* | 4 611 915,58 | 4 611 915,58 | 4 611 915,58 | 0 | 100% | 0 |
| *- МО «Сельсовет Иштибуринский»* | 3 099 310,79 | 3 092 009,73 | 3 092 009,73 | -7 301,06 | 100% | 0 |
| *- МО «Сельсовет Кахабросинский»* | 3 184 191,51 | 3 184 191,51 | 3 184 191,51 | 0 | 100% | 0 |
| *- МО «Сельсовет Майданский»* | 11 219 806,91 | 7 600 103,04 | 7 600 103,04 | -3 619 703,87 | 68% | 0 |
| *- МО «Сельсовет Унцукульский»* | 23 233 360,88 | 23 131 751,88 | 23 131 751,88 | -101 609 | 100% | 0 |
| *- МО «Поселок Шамилькала»* | 16 117 586,21 | 13 238 286,21 | 13 238 286,21 | -2 879 300 | 82% | 0 |
| **II.ИСТОЧНИКИ ФИНАНСИРОВАНИЯ ДЕФИЦИТА БЮДЖЕТА (Остаток на конец 2019 года)** | **18 292 123,79** | **17 028 162,60** | **17 007 692,41** | **-1 263 961,19** | **93%** | **20 470** |
| в том числе: | | | | | | |
| а) Расходы за смет переходящего остатка района | 23 988 478,49 | 22 724 517,30 | 22 704 047,11 | -1 263 961,19 | 95% | 20 470 |
| б) Воврат в республиканский бюджет с района | -7 157 148,39 | -7 157 148,39 | -7 157 148,39 | 0,00 | 100% | 0 |
| в) Расходы за счет переходящего остатка поселений | 1 460 793,69 | 1 460 793,69 | 1 460 793,69 | 0,00 | 100% | 0 |
| **ВСЕГО ОСТАТОК на конец отчетного периода** | | | | | | **38 957 360,22** |

# «Мы должны защитить наших детей!»

26 марта в администрации Унцукульского района состоялось совещание, на котором обсудили один из самых острых, животрепещущих и актуальных на сегодняшний день вопросов – наркоманию среди подростков и молодежи.

Поводом для такой встречи стала поступившая к главе района информация о том, что многих подростков, в частности, школьного возраста «подсаживают» на психотропные вещества и наркотические средства.

Как с этим бороться, как остановить распространение наркомании и что делать в сложившейся ситуации обсуждали представители полиции, наркоконтроля, лидеры молодежных движений, а также представители районной администрации.

Для участия в совещании из Махачкалы приехал начальник второго отдела УКОН МВД по РД, полковник полиции Рамазанов Рамис Рамазанович. Также в совещании принял участие начальник ОМВД по РД Эльдар Магомедов.

Открывая совещание, глава района Иса Нурмагомедов подчеркнул, что по важности поднятых вопросов это совещание – одно из самых важных за последнее время. «Вопрос стоит о нашем с вами будущем. О наших детях. Мы не оставим это так. Да, это проблема не только нашего района. Она повсеместная. Но мы должны сделать все, чтобы защитить наших детей, чтобы они жили без наркотиков, чтобы у них было светлое и счастливое будущее», - сказал Иса Магомедович.

Как рассказали на совещании, среди молодежи, в частности, среди школьников, употребление наркотических препаратов становится «модой» и тех ребят, которые не соглашаются употреблять, ловят на различные крючки и уловки, которые толкают их на употребление наркотических средств. «Им говорят, что их не уважают, с ними не считаются. Мы должны сломать все эти стереотипы! Мы должны защитить наших детей!», - отметил Иса Нурмагомедов.

О проделанной полицией в этом направлении работе рассказал начальник полиции Эльдар Магомедов. Он подчеркнул, что совсем недавно проводилась масштабная операция «Сообщи, где торгуют смертью». «Мы работаем в этом направлении. В прошлом году было раскрыто 12 преступлений по наркотикам, в этом году – уже 3. Отмечается такая тенденция роста употребления подобных веществ даже среди девушек», - подчеркнул Эльдар Магомедов.

О самих препаратах и их воздействии на организм рассказал Рамис Рамазанов.

Он подчеркнул, что детей сажают сперва на слабые наркотические вещества, а затем подсаживают на более сильные, после чего наркоманы переходят на синтетические наркотические вещества. «Эти вещества очень пагубно сказываются на организме. Наркоманы живут 5 лет. И то не всегда. Те, кто продает и убеждает детей употребить эти вещества, говорят им, что ничего не случится, что все употребляют и т.д. Но нет. Развивается зависимость, организм отравляется. Реабилитационные центры переполнены молодежью. Ситуация очень серьезная. И я призываю всех – духовенство, полицию, общественность, СМИ – подключиться к этому вопросу. Только общими усилиями мы справимся с этой проблемой», - отметил Рамис Рамазанович.

На совещании обсудили пути выхода из сложившейся ситуации и дальнейший план работы.

# Форель кквеялъе – Дагъистаналъул чемпионат



Араб анкьалда Шамильхъалаялда бугеб Гъойсубули хIалхьиялъул базаялда букIана Дагъистаналъул лъел объектазда ччугIа кквеялъул Чемпионат рагьиялде буссараб данделъи. Гьелде рачIун рукIана нилъер республикаялъул министерствабаздаса ва ведомствабаздаса гьалбал, гьединго районалъул администрациялъул вакилзаби.

Гьалбадерида цеве кIалъазе вахъана РДялъул физическияб культураялъул ва спорталъул министрлъун вукIарав М. МухIамадов. Гьес баркала загьир гьабуна гьалбал хирияб Унсоколо районалъул гIадамазе, гьез республикаялъул спорт цебетIезабиялъулъ лъолеб бугеб бутIаялъухъ. «Унсоколо районалъ хIехьана гIемераб жо: нилъеда ракIалда буго гьенир ккарал лъугьа-бахъинал. Дун кутакалда вохарав вуго жакъа гьаб тIегьалеб, ргIа-ракьанде щун цебетIолеб, гьайбатаб районалда гьадинаб гьайбатал гIадамаз гIумро гьабулеб букIиналдаса,-ян абуна МухIамад МухIамадовас.

Гьединго гьес абуна форель кквейги кколин спорталъул гьайбатаб ва пайдаяб видазул цояб. Гьеб официалияб къагIидаялъ тасдикъ гьабун буго сахлъи цIуниялъул министерствалъ.

Чемпионаталъул киналго гIахьалчагIазе ва гьалбадерие салам кьуна Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас ва бихьизабуна районалъул гIадамал кидаго рохарал ругин гьалбадеридаса. «Ниж рохарал руго нижер территориялда гьаб чемпионат рагьиялдаса ва гьадинал тадбирал районалда тIоритIиялдаса. Гьаб спортивияб тадбиралда гIахьаллъулел руго Россиялъул батIи-батIиял регионаздаса вакилзаби»,-ян абуна ГI. НурмухIамадовас.

Чемпионаталда гIахьаллъизе батIи-батIиял регионаздаса рачIаразда гьоркьор рукIана Абхазиялъул, Осетиялъул ва цогидалги бакIаздаса вакилзаби.  Тадбиралъул ахиралда кIалъана Хьаргаби районалъул бетIерги.

Нужер гьариялда рекъон

## Лъималазе ва гьел хьихьаразе щолеб гIарцул къадар

ГIемерал рачIуна районалъул «Ахихъан» газеталде лъималазе щолел пособияздa, оплатабазда, гьединго инвалидазе ругел бигьалъабазда хурхун, щвезе кколел гIарцул къадар лъазабун газеталдасан къватIибе кьеян гьаригун хъварал кагътал. Гьедин гьаб соналъул 2I февралалда нижехъе Унсоколо росулъан М. МухIамадовас бачIана гьадинаб магIнаялъул кагъат:

«Цо гьитIинабго къокъа гIадамазул данделъараб бакIалда рорхарал суалазе жаваб балагьизе рес буго районалъул газеталдаги бахъун. Гьединаб дандчIваялда дида тIад къана районалъул гIемерал гIадамазда, хасго лъималазда хъатIулеб чанго суал редакциялде битIизе»,-ян.

М. МухIамадовас рачIарал суалалгун гьал къоязда редакциялъул мухбир дандчIвана социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул отделалъул начальникасул ишал тIуралей ГI. МухIамадовагун. Гъоркьехун кьолел руго лъималазе щолел пособиял ва цогидалги доплатабазда хурхун гьабсагIаталда бугеб хIалалъул баян.

I. Щибаб моцIалъ I6 сон базегIан лъимералъе щола 2I4 гъ. пособие. Лъимералъ I6 сон базегIан хьихьун йигей эбелалъе цо лъимер хьихьун щолеб пособие бахуна 428 гъурущалде.

2. ЛъагIелгун бащдаб базегIан лъимада хадуб хъулухъ гьабун щибаб моцIалъ кьола цо лъимадуе – 7082,85 гъур., ахиралда гьарурал кIиго лъимадуеги щола – 708285 гъурущ.

3. Лъимер гьабураб мехалъ цо нухалъ кьола цо лъимадуе I8 886,32 гъурущ.

4. 3-7 сон базегIан щибаб моцIалъ лъимадуе кьола – 5378,50 гъурущ.

5. Лъимер гьабун хадуб щибаб моцIалъ цо лъимадуе кьола – I0757,00 гъурущ.

6. РФялъул Президентасул Указалдалъун 5 ва хадубги лъимер гьабураб мехалъ кьола – I0 00 гъурущ. Цойидасан кIиго лъимер гьабун бугони кьола 20 000 гъурущ.

## Гьиматов Зайирбег МухIамадович



Гьал къоязда ракIалдаго гьечIого нилъедаса ватIалъана ракI лъикIав инсан, хIаракатав гIуцIарухъан Гьиматов Зайирбег МухIамадович.

Гьиматов Зайирбег гьавуна I946 соналда, гIемерал саназ Унсоколо районалъе нухмалъи гьабурав нухмалъулев, ЦIатIанихъ росулъа МухIамад Гьиматовасулги Унсоколо росулъа ПатIимат МухIамадовалъулги хъизаналда.

I963 соналда Унсоколо росулъ гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, Зайирбег цIализе лъугьана Буйнакск шагьаралъул росдал магIишаталъул техникумалде. Гьеб лъугIарабго тIад вуссана гIагараб росулъе ва I967 соналда хIалтIизе лъугьана Унсоколо росдал магIишаталъул ПУЛалде кIудияв инженер-механиклъун.

Гьебго соналъ цIализе лъугьана ДГУялъул историялъул факультеталде. Гьебги I972 соналда лъугIизабун З. Гьиматовас байбихьула жиндирго педагогическияб гIумро школалда историягун обществоведение дарсал кьолаго. I974 соналда гьев тIамуна Унсоколо 8 сонил школалъул директорлъун. I977 соналдаса I984 соналде щвезегIан хIалтIула Унсоколо гьоркьохъеб школалъул директорлъун. I984 соналъул ноябралда тIамула «Унсоколо» совхозалъул директорлъун. Гьенисан витIула Унсоколо консервазул заводалъул директорлъун.

I998-2009 соназда хIалтIана Шамильхъалаялъул Дагъ-рыбхозалъул филиалалда.

З. МухIамадович кив хIалтIаниги вукIана цадахъ хIалтIулезе пайдаяв, гIадан вичIчIулев ва жинцаго тIубазабулеб иш лъикIго лъалев нухмалъулев.

Унсоколо гьоркьохъеб школалъул тIолалго педагогаз, техническиял хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго

**Гьиматов Зайирбег**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан, гьесул хъизан СалихIатида, ясазда ва тIолабго гIагарлъиялда. Аллагьас гьесие алжан насиб гьабун батаги, нахъе ругезе сабруги кьеги.

Унсоколо районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго

**Зайирбег**

Аллагьасул къадаралде щвелда бан, хъизан СалихIатида, ясал ГIазраъгIайшатида, ХIалиматида, Ирайсатида, Асиятида ва тIолабго гIагарлъиялда.

Аллагьас гьесие алжан насиб гьабун батаги!.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 1. 4. 21 г. 16.30
фактически -17 . 00 мин.
.........................................

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.